*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 56 (25785)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 4 апрел — хуымгæнæны мæйы 4 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 БÆРНОН НЫХАС — *Сæйрагдæр — æдасдзинады фарста*

3 ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ СÆВЗÆРДЫ 100 АЗЫ БОНМÆ

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — *Футбол*

Аппаратон æмбырд

## Боны фæткы — ахсджиаг нысантæ

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО куыд бахæс кодта, афтæмæй, республикæйы 46 цæрæнбынаты афтектæ хъуаг кæй æййафынц, уый рабæрæг. Хабар аппаратон æмбырды фехъусын кодта "Росздравнадзор"-ы управленийы регионалон разамонæг Ольгæ ДАВЫДОВА. Республикæйы амбулаторитæ æмæ фелсырон-акушерон пунктты цур фæзындысты 50 афтеччы.**

Республикæйы разамонæг Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады размæ алы хъæуы дæр афтек саразыны хæс сæвæрдта. "Кæд дзы нырмæ нæ уыд, уæд дзы байгом кæнут, цыбыр рæстæгмæ фарста алыг кæнут", — загъта республикæйы Сæргълæууæг. Уымæй дарддæр Сергей Меняйло министртæ æмæ районты разамонджытæн бафæдзæхста, 2024-2026 азты национ проекттæ æмæ паддзахадон программæты архайыны тыххæй куырдиæттæ бацæттæ кæнын. Ацы азмæ цы арæстадон нысантæ лæууы, уыдонмæ дæр бавналын хъæуы.

Хицауады Сæрдары хæдивæг **Икъаты Русланбег** куыд радзырдта, афтæмæй 2023 азы Арæзтад æмæ архитектурæйы министрад бафыста 111 объекты саразыны тыххæй 17 разыйы гæххæтты. Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министрад хъуамæ 41 æхсæнадон фæзуатмæ базила.

Сергей Меняйлойы ныхасмæ гæсгæ, Уæрæсейы Президенты фæдзæхстæй уæлдай æргом аздахын хъæуы профессион ахуырады инфраструктурæмæ. "Университетон сабаттæн" уæлдай аргъ скодта, ахæм фембæлдтытæ профессион ахуырады бындурыл кæнын сын бахæс кодта.

Транспорт æмæ фæндагон инфраструктурæйы комитеты сæрдар **Солиты Тариэл** куыд радзырдта, афтæмæй тыхстдзинæдтæ равзæры маршрут "Дзæуджыхъæу-Беслæн"-ы: маршрутон такситы хицæуттæ куыстмæ нæ рацыдысты. Маршрут бахæст кодтой паддзахадон автобустæй. Ахæм уавæр сæвзæрд маршрут "Дзæуджыхъæу-Дигора-Цыкола"-йы, машинæты хицæуттæ фæндагмæ нæ рацыдысты, уырдæм дæр арвыстой автобустæ. Сергей Меняйло куыд загъта, афтæмæй хъуамæ æхсæнадон транспорты нывыл куыст уа æнæкъуылымпы. Уый у боны нысан.



Ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** куыр фæбæрæг кодта, афтæмæй 1 апрелæй фыццаг кълæстæм ахуырдзауты исынц куырдиæттæм гæсгæ. Ныййарджытæн сæ бон у паддзахадон лæггæдты порталы руаджы куырдиат цалдæр скъоламæ бадæттын. Порталы уæгъд бынæттæ бæрæг уыдзысты. Министры ныхасмæ гæсгæ, куыдддæр куырдиæттæ ист фæуой, афтæ æртæ бонмæ сывæллоны хъысмæт сбæрæг уыдзæн. "Хи кабинетмæ æрбарвитдзысты дзуапп. Æрфыст кæм нæу, уыцы скъоламæ та сывæллоны уæгъд бынæттæм гæсгæ райсдзысты", — загъта ведомствæйы разамонæг.

Ныртæккæ уал райстой 540 куырдиаты, 370 сты электронон хуызы. Ахæм фадатæй пайда кæнынц, рæвдауæндæттæм бынаты тыххæй фысгæйæ. Сергей Меняйло куыд бахæс кодта, афтæмæй Сывæллæтты æмæ фæсивæды рæзты центр "Вершинæ"-йы байгом кодтой 140 бынаты. Сæ бон дзы у æхсæвиуат кæнын, хорз æм базылдысты, нырыккон хæдзарыдзаума дзы сæвæрдтой. Дæрддзæф хъæуты чи цæры, уыцы сывæллæттæ æмæ фæсивæды бон уыдзæн центры мадзæлтты архайын.

Кæронбæттæны республикæйы разамонæг фæсидт муниципалон разамонджытæм, цæмæй 2024 азы цъæхвылысты бынæттæ саразыны фæдыл хъæлæс кæныны архайой. Хъуамæ цæрджытæ 15 апрелæй 31 маймæ сбæрæг кæной фæлгонцхъуаг бынат, иннæ аз та йæм зилынмæ бавналдзысты. Национ проекттæ "Фадатджын горæтаг уавæртæ" æмæ "Цæрæнуæттæ æмæ горæтаг къабаз"-ы руаджы хъуыддæгтæ бантысдзысты. Сергей Меняйлойы ныхасмæ гæсгæ, алы цæрæг дæр, схъæлæс кæнгæйæ, равдисдзæн йæ ахаст йæ районмæ, сцалцæг кæнынхъуаг чи æййафы, уымæ. "Цас фылдæр хъæлæстæ райсæм, уыйас фылдæр сты программæмæ бахауыны, æхсæнадон фæзуатмæ базилыны фадæттæ. Районты разамонджытæ хъуамæ сæрæнæй бавналой", — загъта республикæйы Сæргълæууæг.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Æнæниздзинад

## Фæзынд фадынæгæй рынчынтæ

**Специалисттæ Цæгат Ирыстоны сбæрæг кодтой, фадынæгæй, есыка дæр ма йæ хонынц, рынчынты 6 цауы.**

"Роспотребнадзор" куыд хъусын кæны, афтæмæй лабораторон уагæй ацы бæрæггæнæнтæ бæлвырд нæма сты. Рынчынты 'хсæн ис æртæ сывæллоны æмæ æртæ кардзыд адæймаджы. Нæ республикæйы эпидемиологон уавæр та нымад цæуы иугæндзоныл (стабильный).

— Дыккаг къуыри ОРВИ-йы хъомысады къæпхæн уæлæмæ не схызт. Грип-пæй райдайæнæй нырмæ фæрынчынуæвæг адæймæгты нымæц дæр не сбæрæг, — загъта "Роспотребнадзор"-ы регионалон управленийы разамонæг **Тыбылты Алан.** Уыцы рæстæджы, РЦИ-Аланийы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады та куыд загътой, афтæмæй нæ республикæйы ковид-стационарты сæхи дзæбæх кæнынц 26 адæймаджы.

**ХУАСДЗАУТЫ Алинæ**

Ахуырад

## Конкурсы призер

**"Интерактивон педагогон технологиты дæсныт æ - 2023" цæгаткавказаг конкурсы комкоммæ хайы архайгæйæ, Дзæуджыхъæуы скъола-интернаты райдайæн кълæсты ахуыргæнæг Людмилæ Арисланова бацахста æртыккаг призон бынат.**



"Æнæниздзинады цыбыргонд гæнæнтимæ сывæллæттимæ куысты рæстæг ахуыргæнæг кæмæй пайда кæны, жюрийы уæнгтæ уыцы авторон мадзал "Фондз æнгуылдзы технологи"-йæ райгондæй баззадысты.

Уырыссаг æвзагæй бæлвырдгæнæн текст ныффыссынмæ скъоладзауты бацæттæ кæнынæн кæмæй пайда кæнынц, педагог куысты ахæм интерактивон хуызтæ дæр бавдыста", — фыст ис хъусынгæнинаджы.

Пятигорскы Уæрæсейы паддзахадон социалон университеты филиалы архайдимæ Президенты грантты фонды æххуысæй æнæниздзинады цыбыргонд гæнæнтимæ сывæллæттæн æххуысы хæрзаудæн фонд "Орленок" амынд конкурс саразта.

**РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ**

Паддзахадон хæс

## Уæрæсейы райдыдта æфсадмæ уалдзыгон сидт

**Æфсадмæ фæсиддзысты, сæ кар 18-27 азмæ кæмæн у, уыцы 147 мин лæппумæ. Уый тыххæй Указ бафыста Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путин. 1 апрелæй куыст цæуы æппæт æфсæддон комиссарадты дæр.**

Дзæуджыхъæуы æфсæддон комиссар **Беджызты Роберт** куыд фехъусын кодта, афтæмæй уалдзыгон кампанийы рæстæг æфсадмæ фæсиддзысты нæ республикæйы 300 адæймагмæ. Уый фæдыл райдыдтой кусын сæрмагонд къамистæ. Дзæуджыхъæуы баст у бирæтæн сæ ахуыр фæуыны æмæ дипломтæ райсыны фарстаимæ. Уымæ гæсгæ сидтонтæн сæ фылдæр æфсадмæ ацæуы июны мæйы.

Йæ дин службæ кæнын кæмæн нæ амоны, уыдоны къамис æрвиты 21 мæйы æмгъуыдмæ зæрæдты той, дохтырты æркасты фæстæ йæ кæй хъæудзæн 7 апрелы æфсæддон комиссарадмæ æрбацæуын.

Къамисы уæнгтæ бæстон кæсынц æфсадмæ цæуæг лæппуты царды уавæртæм, стæй се 'нæниздзинадмæ. Зæрдæхсаинаг чи разыны, уый дарддæр арвитынц дохтыртæм, цæмæй сбæрæг кæной, æфсадмæ цæуынмæ бæззы æви нæ.

Раздæрау, фарæстæм кълас фæстæ астæуккаг ахуырад чи райсы, уыцы лæппутæн æфсадмæ сидыны хъуыддаг аргъæвынц афæдзы æмгъуыдмæ. Уый



æфсадмæ сидыны къамисы сконд сфидар кодта горæты администрацийы сæргълæууæг, бацыдысты йæм мидхъуыддæгты оргæнты, ахуырады управленийы, адæмæн куыст дæттыны комитеты æмæ "Иры Стыр Ныхас"-ы минæвæрттæ.

Сидтонты кæндзысты фистæгæфсæдты, национ гвардийы, æфсæддон-космосон тыхты, æфсæддон-десантон æмæ граждайнаг хъахъхъæнынады æфсæдты службæ кæнынмæ.

Апрел æмæ майы сæ нымæц чысыл вæййы, уый хæдзæртты, госпитæлты, алыхуызон рынчындæтты кусынмæ. Кæм, уый фæбæлвырд кæны Фæллой æмæ социалон рæзты министрад.

Сергей Дьяконов къамисы уынаффæмæ гæсгæ кæндзæн альтернативон службæ балæвæрд куырдиатмæ гæсгæ, афæдзы æрдæджы фæстæ йын дохтыртæ æркæсдзысты йе 'нæниздзинады уавæрмæ, куы бахъæуа, уæд æй арвитдзысты Беслæны медицинон центрмæ. Къамисы уæнгтæ йын бамбарын кодтой, фæстæ сын уæлдæр ахуыргæнæндонмæ бацæуыны æмæ ахуыр кæныны хъуыддаг бар нæ дæтты æфсадмæ цæуынæй хи иппæрд кæнынæн.

"Сидтонтæ нæ архайдзысты Украинæйы сæрмагонд æфсæддон операцийы, сæ службæ æххæстæй дæр цæудзæн Уæрæсейы алы регионты, уыимæ, Сыбыры æмæ Сахалины дæр", — загъта Беджызты Роберт.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**
**Къам systa ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

Ног экспонат

## Лæвар — Космонавтикæйы скъолайæн

**Космосон нау "Союз"-ы æруадзгæ æппарат Дзæуджыхъæумæ æрбаластой.**

2014 азы 24 ноябры капсулæ орбитæмæ ауагътой космодром Байконуры уадзæн фæзæй атæхæг ракетæхæссæг "Союз-ФГ"-йæ. Экспедицийы уæнгтæ уыдысты уæрæсейаг тæхæг космонавт **Антон Шкаплеров**, итайлаг сылгоймаг **Самантæ Кристофоретти**, стæй НАСА-йы дыккаг бортинженер **Терри Бертс**. Капсулæ сæвæрдзысты Дзæуджыхъæуы Космонавтикæйы скъолайы астрономон фæзыл. Йæ диаметр 2,5 метры кæмæн у, уыцы аппарат ласы 2 тоннæйы.



Къæвдайæ бахъахъхъæнынæн объекты алыварс цатыр саразынмæ хъавынц, мидæгæй та дзы фæзындзæн чысыл композици. "Не 'ппæтæн дæр арфæ кæнын! Капсулæ Дзæуджыхъæумæ цæмæй æрбаласой, не скъолайы бындурæвæрæг Къомайты Руслан уымæ бæллыд, æмæ ныр ацы бæллиц æххæстгонд æрцыд", — загъта Космонавтикæйы скъолайы директор **Челдыты Зæлинæ**.

Экспонат сæрмагонд уагæй байгом кæндзысты 12 апрелы — Космонавтикæйы боны.

Ацы бонмæ скъола йæ уазджытæн цæттæ кæны интеллектуалон хъæзтытæ, наукон лекцитæ, экскурситæ, конкурстæ, сфæлдыстадон концерт æмæ æндæр дзыллон мадзæлттæ.

**ГАСАНТЫ Валери**

Архайд

## Уæлæмхасæн автобустæ — маршрутмæ

**"Дзæуджыхъæу-Беслæн"-ы 'хсæн муниципалон маршрут бахæст кæндзысты уæлæмхасæн нырыккон автобустæй. Уыцы хæс йæхимæ исы республикон куыстуат "Автоколоннæ 1210". Автобусты иу хай ныронг маршрутмæ рацыд.**

Маршрутыл кусæг шофырты 'хсæн æнæразыдзинад кæй сæвзæры, уый тыххæй куыстуат ахæм фадатæй спайда кодта. Граждæнтæн фæндæгтыл къуылымпытæ ма сæвзæра, зæгъгæ, маршрутмæ рарвыстой автобустæ. Куыд зонæм, афтæмæй 25 ног нырыккон автобусы республикæ фарон балхæдта, маршрут "Дзæуджыхъæу-Беслæн"-мæ рацыдысты 15 мартъийы. Раздæр хицæн адæймæгты лæггæдтæй чи пайда кодта, уыцы адæм уайтагъд "ПАЗ"-ты удæнцойдзинæдтæ бамбæрстой. Автобустæ цæуынц фæндаггонты зæрдæмæ.

"Автоколлонæ 1210"-ы генералон директор **Хъараты Зауырбег** куыд зæгъы, афтæмæй бахъуаджы рæстæг сæ бон у уæлæмхасæн 15 автобусы радтын. "Хуыцаубоны фæндаггонтæ уыйас бирæ нæ вæййынц, иннæ бонты студенттæ æмæ Дзæуджыхъæуы кусæг адæм рараст вæййынц фæндагыл. Кæд æмæ сæ мидфарстатæ маршрутон такситы хицæуттæ уæдмæ нæ банывыл кæной, уæд нæ къуырисæры бахъæудзæн автобустæ рарвитын. Адæм хъуамæ къуыхцытæ ма 'взарой, алчидæр хъуамæ афойнадыл бахæццæ уа йæ бынатмæ. Уымæ гæсгæ ма маршрутмæ æрвитæм 15 автобусы, афтæмæй суыдзысты 40. Фарста нывылгонд æрцæуудзæн", — загъта куыстуаты хицау.

Куыд бацамыдта, афтæмæй райсомæй æмæ изæрæй машинæты 'хсæн рæстæг уыдзæн 3 минуты.



РЦИ-Аланийы Фæндагон хæдзарад æмæ транспорты комитет куыд фехъусын кодта, афтæмæй уæлæмхасæн фæсарæйнаг æмæ фыдыбæстаг автобустæ рацæуудзысты маршрут "Дзæуджыхъæу-Дигора-Цыкола"-мæ, уым дæр маршрутон такситы хицæуттæм цавæрдæр тыхстаг фарстатæ фæзынд.

Куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй фæндаггонтæн удæнцой уавæртæ саразыны фарста сын сæ размæ æвæры РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Ныртæккæ транспорты парк ноггонд цæуы, балхæдтой 65 ног автобусы, ис сæ алыхуызон нымæцтимæ бынæттæ, туристтæн бæзгæ фадатджын автобустæ дæр фæндæгтæм рацыдысты. Ис сæ автоматикон уагæй фæндаггаг бафидыны аппараттæ. Уымæй уæлдай, бацæттæ кодтой республикæйы рæзты математикон хуызæг, йæ сæйраг хæс у бæлццæттæн фæндæгтыл цæуынæн удæнцой уавæртæ саразын.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**РУБАЙТЫ Нелли**

### Дзырды фарн

*Хуры тын фестади зæхх.*

*ПЛИТЫ Харитон*

Боныхъæд — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **4 апрелы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **17-22 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **17-19 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 12,54

**Хурыскаст** — 05,36
**Хурныгуылд** — 18,30

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 77,66
**Евро** — 84,47

12+

Бæрнон ныхас

# Сæйрагдæр — ædaсдзинады фарста

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО Терроризмы ныхмæ къамисы æмæ Оперативон штабы æмбырд скодта. Рæгъмæ рахастой терроризмы ныхмæ уæлæмхасæн фадæттæ ахуырады, артаджы-энергетикон къабазы, промышленносты, ахæм цаутæ ма ‘руадзыны куыст скъоладзаутæ æмæ студентты ‘хсæн кæныны фарстатæ.**



Ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** куыд радзырдта, афтæмæй ныртæккæ ахуырадон кусæндæтты терроризмæй æдасдзинады фарстатæм уæлдай æргом здæхт цæуы. "Æппæт кусæндæтты æвæрд æрцыд фехъусын кæныны, тæссагдзинады, видеоцæстдарды техникон фæрæзтæ. Фарстатæм къæрцхъус сты хицæн хъахъхъæнæн организациты кусджытæ-хъахъхъæнджытæ", — загъта министр.

Фæлæ ма уæддæр, Алыбегты Эллæйы ныхасмæ гæсгæ, ис цалдæр кусæндоны, нырмæ сæ æвæрд нæма ‘рцыдысты амынд фæрæзтæ, инженерон-техникон скондтæ. РЦИ-Аланийы разамонæг куыд бацамыдта, афтæмæй ног ахуыры азмæ æппæт скъолатæ, рæвдауæндæттæ, уæлдæр ахуыргæнæндæттæ, училищæтæ, техникумтæ хъуамæ ифтонггонд æрцæуой техникон гæрзтæй.

"Фарста хауы районты разамонджытæм, ахуырады управленитæм, алыг кæнæн кæмæн нæй, ахæм хъуыддæгтæ не сты. Æппæт æмбæлгæ фæрæзтæ сæвæрут ахуырады кусæндæтты", — бафæдзæхста республикæйы Сæргълæууæг.

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы æмæ промышленносты æмæ инвестициты министртæ **Таматы Майрæн** æмæ **Мæрзойты Владимир** куыд радзырдтой, афтæмæй къабæзты, ведомствæты ‘хсæн къамис, раиртæста цавæрдæр аипдзинæдтæ.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг бафæдзæхста Мæрзойы-фыртæн 20 апрелмæ æппæт хъуагдзинæдтæ аиуварс кæнын. Хъуамæ æппæт промышленнон куыстуæттæ скæной паспорттæ, уа сын къордтæ, се сбæрæг кæныны график цæттæгонд æрцæуа. Уæлдай æргом аздахын хъæуы паддзахадон фæдзæхст æххæстгæнæг куыстуæттæм. Артаджы-энергетикон къабазы æппæт куыстуæттæ хъуамæ æдасдзинады домæнтæн дзуапп дæттой. Фыдбылызтæм æмæ æнæнхъæлæджы цаутæм хъуамæ службæтæ уой хæрзцæттæ, уæнгтæй æххæст.

Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты ректор **Огъуаты Алан** куыд радзырдта, афтæмæй студентты ‘хсæн профилактикон куыст цæуы, Интернет æнæцæстдард кæй у, уый аххосæй фæсивæд бафтынц алыхуызон тæссагдзинæдтимæ сайттæм. Æрыгæттæн сæ зондахаст фехæлы, паддзахадон уагæй рахизынц террористон-экстремистон архайдмæ. "Уымæ гæсгæ, ахуыргæнæндон, ахæм цаутæ ма ‘руадзынмæ стыр æргом здахы, Мидхъуыддæгты министрады экстремизмы ныхмæ центры кусджытимæ, Национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министрадимæ, æхсæнадон организацитимæ, дины минæвæрттимæ фембæлдтытæ аразæм, лекцитæ сын кæсынц, ныхас кæнынц", — загъта Огъуайы-фырт.

"Куыст хъуамæ лæмæгъдæр ма кæна, ныууадзæн æй нæй. Студенттæ æппæты стыр къорд сты, уайтагъд дæлгоммæ хъуыдыгæнджыты ахасты бахауынц. Уый рохгæнæн нæй, уæ куыст рапарахат кæнут", — загъта Сергей Меняйло.

Бæрæгбæтты агъоммæ республикæйы террористон æмæ экстремистон фæзындтытæ ма ‘руадзыныл, уæлæмхасæн æдасдзинады мадзæлттæй спайда кæныныл дзырдта мидхъуыддæгты министр **Андрей Сергеев**. Æппæт фарстаты тыххæй бæрнон адæймæгтæ райстой коммæ хæстæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Транспорт

# Республикæйы исбонадмæ

**Дзæуджыхъæуы 1-æм автовагзал раивдзæн Цæгат Ирыстоны исбонадмæ.**

**Ацы хабар пресс-конференцийы рæстæг фехъусын кодта нæ республикæйы паддзахадон исбонад æмæ зæххы ахастдзинæдты министр Тедеты Руслан.**

**— Объекты хицау æмæ "Дзæуджыхъæуы вагзалты иугонд"-ы разамындимæ ныхас кодтам. Автовагзалыл цас фæрæзтæ бахардз кодтой, уый нын йæ хицау фехъусын кодта. Сæ акциты хай ауæй кæнынмæ цæттæ сты. Ацы адæймæгтæм ис акциты æвдай фондз проценты, — загъта Тедейы-фырт.**

**Дæсгай азты дæргъы 1-æм автовагзал ныммад у Дзæуджыхъæуы сæйраг транспортон объектыл.**

***Нæ уацхæссæг***

Бынæттон хиуынаффæйад

# Донивылдæй бахизынæн

**Дзæуджыхъæуы администрацийы пресс-службæйы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, ивылд донæй тæссаг кæм у, горæты ахæм рæтты æххæстгонд цæуынц ивылд дон бауромыны фæдыл куыстытæ.**

"Уалдзæджы æмæ сæрды Дзæуджыхъæумæ 'ввахс цæрæн бынæттæ Ларс, Дæллаг Ларс, Цыми æмæ Бæлтайæн донивылдæй тæссаг у", — фыст ис хъусынгæнинаджы.

— Ивылд дон æнæфыдбылызæй цæмæй цæуа, уымæн фадæттæ саразынæн цæугæдон Терчы донвæд парахатæй сыгъдæг кæнæм. Донивылдæй тæссаг кæмæн у, ныридæгæн ахæм цæрæн бынæтты æмæ Дзæуджыхъæуы æрбынæттонуæвæг хидты уавæр раиртæстам. Æнæнхъæлæджы уавæртæ цæмæй ма сæвзæрой, уый тыххæй Терчы донвæд уæрæхдæр æмæ арфдæр кæнæм, — зæгъы муниципалон кусæндон "Граждайнаг хъахъхъæнынад æмæ æнæнхъæлæджы уавæрты уынаффæйад"-ы хицау **Айларты Арсен**.

Федералон паддзахадон кусæндон "Центрводресурсы"-йы директоры хæдивæг **Тобойты Аланы** ныхасмæ гæсгæ, егъау дурты аххосæй куыстытæ кæд сындæг цæуынц, уæддæр æппæт проектон бæрæггæнæнтæ æххæстгонд æрцыдысты.

— Ныридæгæн Ларсмæ 'ввахс ран сæдæ фæндзай мин кубометры бæрц мæр æндæр ранмæ раивтам. Терчы донвæды уæрх ссис цыппор аст метры, йæ арф та — дыууæ метры æмæ ссæдз сантиметры. Дæллаг Ларсы æхсай хæдзарæн донивылдæй тæссаг нæ уыдзæн. Кæсæгтæ еугæф калын цалынмæ нæма райдыдтой, уæдмæ æппæт куыстытæ баххæст кæнынмæ хъавæм, — зæгъы Тобойы-фырт.



**ДУЛАТЫ Кæлимæт**

Арæзтад

# Спортивон объекттæ

**Дзæуджыхъæуы арæзт цæуы дыууæ егъау спортивон объекты — уæлейæ æхгæд футболон манежы æмæ ленкгæнæн бассейнимæ физкультурон-дзæбæхгæнæн комплекс.**

Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** ныхасмæ гæсгæ, амынд объекттæ иннæ азы кæрон арæзт фæуыдзысты.

Аразджытæ физкультурон-дзæбæхгæнæн комплексы бындуры арæзтадмæ бавнæлдтой, рæхджы згъæр конструкцитæ фидар кæнын райдайдзысты. Амынд комплексы уыдзæн 600-бынатон трибунæимæ 50 метры дæргъæн ленкгæнæн бассейн, стæй хъæбысхæст æмæ стъолыл теннисæй архайынæн залтæ.

150 спортуарзæгæн бынæттæ кæм уыдзæн, физкультурон-дзæбæхгæнæн комплексы раз фæзындзæн ахæм трибунæимæ уæлейы æхгæд футболон манеж. Комплексмæ хаудзысты тæрхонгæнджыты, тренерты æмæ дохтырты кусæнуæттæ, буфет, шахмæтон клуб, конференц-зал æмæ уæлæдарæсивæн хатæнтæ.

— Нæ фыццаградон хæстæй иу у дзыллон спорты рæзтæн æппæт фадæттæ саразын, стæй царды æнæниз уагыл гæнæн æмæ амалæй фылдæр адæм сахуыр кæнын. Ног спортивон объекттæ ацы хъуыддæгтæ баххæст кæнынæн фæахъаз уыдзысты, — загъта регионы разамонæг.

Амынд объекттæ аразынц программæ "Спорт — царды уаг" æмæ национ проект "Демографи"-мæ гæсгæ.



**РУБАЙТЫ Нелли**

Æнæниздзинад

# Клиникон центрмæ раивдзысты

**Цæгат Ирыстоны Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады пресс-службæйы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, психиатрон рынчындоны тарнизы хайады чи ис, уыцы рынчынты раивдзысты Фтизиопульмонологийы республикон клиникон центрмæ.**



"Адæмæн уæвынæн чи нæ бæззы, Республикон психиатрон рынчындоны тарнизы ахæм хайады кæй дзæбæх кæнынц, фарон фæззæджы Цæгат Ирыстоны Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад рахаста Хуссайраг поселочы Фтизиопульмонологийы республикон клиникон центры бындурыл æрбынæттонуæвæг æмæ æппæт нормæты аккагуæвæг ног бæстыхаймæ ахæм рынчынты раивыны уынаффæ", — фыст ис хъусынгæнинаджы.

Ныртæккæ "Роспотребнадзор"-ы хатдзæгмæ æнхъæлмæ кæсынц æмæ фæстæдæр хайад ног бæстыхаймæ раивдзысты. Ныридæгæн хайады ис 32 рынчын адæймаджы.

Фарон рынчындоны кæй сцалцæг кодтой, æппæт хъæугæ хъуыддæгтæ бахæст кæныны фæстæ уыцы дыууæ хайадмæ рынчынты иу хай раивдзысты.

**Нæ уацхæссæг**

Аудынад

# Зæххы хæйттæ

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон исбонад æмæ зæххы ахастдзинæдты министр Тедеты Руслан куыд фехъусын кодта, афтæмæй нæ республикæйы Хицауады зæрды ис сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн зæххы хæйттæ радтын.**

**Сæрмагонд операцийы чи архайы, уалдзæджы бархионтæй арæзт уыцы дыууæ батальоны — "Алани" æмæ "Ирыстон"-ы — æфсæддон службæгæнджыты 70 проценты сты Ирыстонæй рацæуæг адæймæгтæ. Уымæй уæлдай, нæ республикæйæ æрсидты архайæг адæймæгтæй арæзт батальон дæр архайы сæрмагонд операцийы.**

**УРУЙМÆГТЫ Фатимæ**

# Мыдадзын цырæгътæ сын арвыстой

**Мæздæджы механикон-технологон техникумы ахуыргæнджытæ æмæ студенттæ сарæзтой дыууæсæдæ блиндажон мыдадзын цырагъæй фылдæр æмæ сæ арвыстой Украинæмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæм.**



Бархион куысты фæлтæрддзинад кæмæ ис, райдайæны студенттæ, уыцы педагогтæ **Кристинæ Хоружийы** æмæ **Любовь Попандопулойы** разамындæй ахуыргæнæндоны бындурыл сарæзтой гуманитарон æххуысы центр. Хæсты уæвæг æфсæддон службæгæнджытæ блиндажон мыдадзын цырæгътæхъуаг кæй сты, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æрвитæггæгтæ æмбырд кæнгæйæ, фæсивæд уый рахатыдысты.

Акци "Мæздæг хъармæй батавдзæн" расидгæйæ, студенттæ æмæ ахуыргæнджытæ мыдадзын цырæгътæ аразынæн хъæугæ æрмæджытæ агурын райдыдтой. Акцийы архайджытæй иутæ лæвæрдтой мыдадз, иннæтæ та — æхца. Цалдæр бонмæ техникумы кусæнуæттæй иуæй рауад мыдадзын цырагъуадзæн цех.

Мыдадзын цырагъ цæмæй фылдæр рæстæг судза, йæ аразджытæ ууыл бацархайдтой. Цалдæр бонмæ акцийы архайджытæ 6-15 сахаты дæргъы судзæг дыууæсæдæ цырагъæй фылдæр сарæзтой. Сæрмагонд технологимæ гæсгæ, арæзт къопп дæргъвæтин рæстæг хъарм бахъахъхъæны. Арфæйы фыстытимæ мыдадзын цырæгътæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæм æрвыст æрцыдысты.

**Нæ уацхæссæг**

Мысæн изæр

# Поэт, фыссæг, драматург



**Ирон литературæйы бындурæвæрæг Хетæгкаты Къоста уарзон у алы ирон адæймагæн дæр... Поэт, фыссæг, драматург, критик, публицист, нывгæнæг, мæгуыр адæмы бартыл тохгæнæг.**

**Хетæгкаты Къостайы ном Ирыстоны чи нæ фехъуыста, ахæм адæймаг стæм разындзæн. Суанг авдæнмæ фехъусы сывæллон Къостайы æмдзæвгæ "А-лол-лай", скъолайы къæсæрæй куы бакæсы, уæд та — "Уасæг", "Дзывылдар", "Ахуыр" æмæ иннæтæ.**

Къоста бирæ уарзта сывæллæтты æмæ сын æмдзæвгæтæ дæр дзæвгар ныффыста. Æмæ йæ уыдон дæр уарзынц. Йæ ном ын нæ рох кæнынц.

1 апрелы уыд Къостайы мысæн бон. Адæмты хæлардзинады хæдзары хъæппæрисæй Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы музейы ацыд генийы мысæн изæр. Байгом кодта æмæ йæ амыдта Адæмты хæлардзинады республикон хæдзары директоры хæдивæг **Хъайтыхъты Тамарæ**. Архайдтой дзы Дзæуджыхъæуы 38-æм астæуккаг скъолайы 6-æм къласы ахуырдзаутæ, сæ ахуыргæнæг **Едзойты Аланæ** æмæ Дзæуджыхъæуы скъола "Эрудит"-ы 1-æм къласы ахуырдзау **Георгий Жонкин**. Бацæттæ йæ кодта ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг **Гæздæнты Еленæ.**

Ахуырдзаутæ адих сты дыууæ къордыл æмæ ерыс кодтой, Къостайы æмдзæвгæтæ æмæ йæ царды хабæрттæ чи фылдæр зоны, уымæй. Сæ зонындзинæдтæ та сын сбæрæг кодтой жюрийы уæнгтæ: Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт нывгæнæг **Джыккайты Мурат**, поэтессæ æмæ публицист, Уæрæсейы фысджыты æмæ журналистты цæдисты уæнг **Бызыккаты Земфирæ**, фыссæг æмæ журналист, филологон наукæты кандидат, литературæиртасæг **Тъехты Тамерлан**.

— Къостайы ном суанг райдайæн кълæстæй нырмæ хъусæм, æмæ нын у зынаргъ. Уымæн æмæ сывæллæттæн цы æмдзæвгæтæ ныффыста, уыдон куы бакастыстæм æмæ нын ахуыргæнæг Къостайы уæззау цард, йæ сидзæры бонты тыххæй куы радзырдта, уæд-иу нæ цæссыг æруад, зæрдæ йыл рыст. Фæлæ уый ссис гени, адæмы сæрхъуызой, паддзахы фæсдзæуинтæ йæ фæстæ зылдысты æмæ-иу æй æрцахстой. Йæ цард æмæ йæ фæлгонц уæдæй нырмæ сты мæ зæрдæйы, — загъта Земфирæ.

Ахуырдзаутæ бакастысты Къостайы æмдзæвгæтæ, равдыстой Къостайы уацмыстæм гæсгæ сæхи конд нывтæ. Жюрийы уæнгтæ сæ цæст æрæвæрдтой æппæты кæстæр архайæг Георгий Жонкиныл. Кæд уырыссаг у, уæддæр æмдзæвгæтæ радзырдта уырыссаг æмæ ирон æвзæгтыл дæр.

Жюрийы уæнгтæ уæлдай хуыздæр архайджыты схорзæхджын кодтой Кады гæххæттытæй.



**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Базарад

# Æнæ уæлæмхасæн æргътæй

**Цæгат Ирыстоны базарадон хызты æнæ уæлæмхасæн æргътæй кæй уæй кæнынц, уыцы товарты номхыгъд фæуæрæх кодтой.**




Хойраджы æмрæнхъ номхыгъдмæ бахастой бæлвырд ГОСТ-ы промышленнон товартæ: гæрстæхсæн ссадæг, сапон, дæндæгты пастæ æмæ æндæртæ (афтæ бакæнын бантыст цыбыркъух адæймæгтæн баххуысы фарстайыл бакусыны фæдыл Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы хæслæвæрды фæстæ).

— Æндæраз, июны Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы бардзырдмæ гæсгæ, къухтæ кæм æрæвæрдæуыд, хъæугæдæр товарты иуæй-иу хуызтæн аслам æргътæ бахъахъхъæныны фæдыл мадзæлттæ саразыны тыххæй ахæм бадзырдмæ бахастæуыд товарты ног хуызтæ. Нæ базарадон кусæндæтты æппæт разамонджытæ хи хæстæ фæуæрæх кæныны фæндоныл сразы сты, — загъта нæ республикæйы экономикон рæзты министр **Кучиты Зауыр.**

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: нæ регионы Экономикон рæзты министрад æмæ егъау базарадон кусæндæттæ бадзырд сфидар кодтой.

Гæххæтт куыд амоны, афтæмæй республикон ритейлерты дуканитæ къорд сæйраг хойраджы уæй кæнынц æнæ уæлæмхасæн æргътæй. Номхыгъдмæ бахастой фидаргонд ГОСТ-имæ мæнæ ахæм хойрæгтæ: стуры фыдызгъæл (æнæстæг дзидзайæ фæстæмæ), кæрчытæ (сгуытæй фæстæмæ), 82,5 проценты бæрц сойадимæ нæлхæ, зети, 2,5 проценты бæрц сойадимæ нуазæн æхсыр, карчы æйчытæ (1-аг сорт), змисæнгæс сæкæр, мæнæуы ссадæй дзул, лæгъзгонд пырындз, сауфагæйы къурупа, картоф æмæ ногтынд урс къабуска (ныхас цæуы амынд хойраджы хицæн хуызтыл). Бæлвырд хабæрттæ æвæрд сты дуканитæ "Забавæ"-йы, "Стэйтон"-ы, "Чибæ"-йы, "Деликат"-ы, "Наш" æмæ "Гурман"-ы хызты.

**ГУЫРДЗЫБЕТЫ Зæринæ**

Юбилейы агъоммæ

# Фыдыбæстæйы конституцион бarады рæзт

**Фыдыбæстаг Конституци фидаргонд цыд æртæ политикон-барадон хуызы: империон, советон æмæ фæссоветон. Дыууæ цæстæнгасы хицау у, ома, теорион (Конституцийы сконд бамбарын) æмæ практикон (фыст документ царды рауадзын). Уæрæсейы зындгонд ахуыргæндтæ-конституци иртасджытæ О. Кутафин æмæ Е. Козлова куыд хъуыды кæнынц, афтæмæй конституционализм баст у конституцийы барадимæ. Советон дуджы куыд нымадтой, афтæмæй уый баст у англосаксойнаг æмæ ромайнаг буржуазон бæстæты паддзахадон бартимæ. Термин "конституцион барад" та йæ хæсыл нымадта, ацы барады институттæ конституцийæ фидаргонд кæй сты, уый, æмæ уæлдай демократон æмæ æппæтдзыллон разыдзинад æвдисын.**




Паддзахадон бартæ та конституцийæ фидаргонд институттæй бæрæг нæ дардтой, фæлæ ма æндæр акттæй фидаргонд нормæты цалдæр хуызы дæр рæгъмæ хастой. Иннæ зындгонд ахуыргонд А. Мишин куыд амоны, афтæмæй алы бæстæйы дæр паддзахадон бартæ сты национ системæйы сæйраг рахæцæнтæ. Æвдисынц юридикон нормæты иугонд, кæнæ разамынддæттæг элитæйы бартыл дзурынц, кæнæ та бæлвырд социалон къордты бартыл.

Юридикон æгъдауæй фидаргонд цалынмæ æрцыд, уæдмæ конституционализмы æууæлтæ фидаргонд цыдысты æхсæнадон зондахасты, йæ хицæн хæйттæ та арæзт цæуынц паддзахады политикон-барадон хуызы. Йæ политикон æмæ барадон æууæлтæ, уæрæсейаг паддзахады йæ бынат æмæ ахъаз лæмæгъ иртæст æрцыдысты. Конституционализмы истори, империйы кæройнаг бынæтты цæрæг адæммæ гæсгæ, бæрæг дары хицæндзинæдтæй. Зæгъæм, польшæйæгтæ Польшæйаг паддзахады Конституци райстой император Александр I-джы кухтæй 1816 азы, польшæйаг сеймы æмбырды. Уыцы цауыл 100 азы рацыд, фæлæ уæддæр бирæ адæмтæм нæ уыд хи Конституци æмæ ма Паддзахадон Думæмæ æвзарыны бар дæр.

Нырыккон историктæ куыд хъуыды кæнынц, афтæмæй Уæрæсейæ, император Александр I-джы разамынды рæстæг, конституцион монархи гыццыл ма нæ рауад. Юридикон цæстæй кæсгæйæ йæ иу хай ссис монархи. Профессор А. Гоголевский куыд нымайы, афтæмæй уæд сфидар ис æхсæнадон конституцион-либералон зондахаст. Раздæр æй æвдыстой столицæйы аристократон салонтæ æмæ поэтикон къордтæ, фæстæдæр æнæхицауадон конституционализм уæндондæрæй декабристты æхсæнадты архайдмæ рахызт.

Конституционализмы хъуыдытæ фæстæдæр Уæрæсейы дзыллæты хъуыдыйы хызтысты, æхсæнад цæттæ уыд сæ райсынмæ. Рæзты алыхуызон æхсæнадон-историон къæпхæнты уæвгæйæ сæ адæм æмбæрстой сæ политикон-барадон æмвæзадмæ гæсгæ. Уымæн ирд æвдисæн у Николай II-джы 1905 азы 17 октябры фидаргонд манифест. Уæд мыхуыры цы публицистон æрмæг цыд, уымæй спайда кæнæн ис империаг конституционализмы истори æмæ йæ национ-регионалон хицæндзинæдтæ раиртасынæн.

Зæгъæн ис, æмæ XX æнусы райдайæны Уæрæсейы хуссайраг кæрæтты, Ирыстон дæр семæ, афтæмæй фæзынд конституционализмы бакастимæ публицистон скъола. Йæ бындурæвæрæг уыд Сергей Костриков, йæ æрмæджытæ фыста "Киров"-ы номæй. Фæстæдæр æй бæстæйы адæм базондзысты марксизм-ленинизмы ахуырад тауæгæй. Кæд æмæ йæм юридикон ахуырад нæ уыд, уæддæр Киров Уæрæсейы хуссайраг хайы фидар зондимæ бæрæг кодта конституционализмы тыхстаг фарстатæ, цалдæр уацы ныффыста газет "Терк"-ы æмæ "Кубанский край"-ы. Уæд сæ тираж ахъаззаг уыд.

Йæ статьяты Сергей Киров раиртæста Уæрæсейаг империйы хицауады сæрдары хæдивæг В. Коковцевы ныхæстæ. Ома, Уæрæсейы парламентаризм нæй. Сергей Мироны фырт сразы ис йемæ, "Уæрæсейы ис парламентаризм, Конституци æмæ Думæ, фæлæ никæй зæрдæмæ цæуынц, ницы кусынц".

Бынæттон интеллигенцийы зындгонд минæвар уыд **Байаты Георги** (1869-1939 азтæ), уый ирæттæй фыццаг æвзæрст æрцыд революцийы агъоммæ горæтаг управæйы хицауæй — Теркаг облæсты административон центрæн. Фыццаг ирон конституцийы проектыл банымайæн ис **"Положение об Осетинском совете"**. Программон документы бындуры бавæрдта ахсджиаг хъуыдытæ: Кавказы æнæ бæлвырд æхсæнадон къордтæй хиуынаффæйад байгом кæнын, горæтаг æхсæнадтæ хæдбар иуæгтæм раивын, æппæт хъуыддæгтæ æвзарынæн ардбахæрæг тæрхонджытæ æмæ сæ архайд Кавказы цæрджыты æвзæгтыл чи кæна, ахæм тæрхонгæнджытæ скæнын, сылгоймæгтæ æмæ нæлгоймæгты 'хсæн политикон æмбардзинад сфидар кæнын, ныхасы, æмбырдты, быцæуы рацыдты, цæдисты сæрибардзинад, рухстауæн куыстуæттæ байгом кæнын, æвзаджы, адæймаджы æнæвагæйгæ сæрибардзинад.

Ссæдзæм æнусы райдайæны конституционализмы хъуыдытæ бæрæг дардтой иннæ зындгонд интеллигенты сфæлдыстадон бынты дæр. Дзасохты Гиго (1880-1918 азтæ) куыд фыста, афтæмæй "Сæрибаргæнæг змæлд тырны, цæмæй нæм Уæрæсейы фæзына паддзахадон царды ног сконд. Арæнтæ кæмæн нæй, ахæм хæдхæцæгады бынаты хъуамæ фæзына адæмон минæварад, граждæнтæ æмæ паддзахады 'хсæн хъуамæ пъæлицæйаг-чиновничы ахастытæ ма уой, фæлæ закъон, дины, дзыхæй сдзургæ, мыхуыры, цæдисты, æмбырдты, адæймагмæ, йæ цæрæн бынатмæ æнæагайгæ бавнæлдæй, алчидæр йæ бартæ æмæ йæ хæсты тыххæй хъуамæ закъоны раз уа æмбар".

Куыд зонæм, афтæмæй фыццаг Советон Конституци райстой 1918 азы 10 июны Советты V Æппæтуæрæсеон съезды. Уымæй размæ нæ бæстæ хуынд Уæрæсейаг Советон Республикæ, уæдæй фæстæмæ та — Уæрæсейаг Советон Федеративон Социалистон Республикæ. Конституцимæ гæсгæ паддзахадон хицауады уæлдæр оргæныл банымадтой Кусджыты, зæхкусджыты, сырхæфсæддонты æмæ хъазахъхъы депутатты Æппæтуæрæсеон Советты съезд. Йæ куыстмæ-иу æм аз дыууæ хатты фæсидт Æппæтуæрсеон Центрон Æххæстгæнæг Комитет. Профессор О. Чистяков куыд амоны, афтæмæй 1918 азы фидаргонд Конституци суанг 1925 азы онг нæ аивта политикон системæ. Йæ куыст кодта 1936 азы онг.

Афтæмæй, Конституци комкоммæ Уæрæсейы Федерацийы субъектты нæмттæ нæ нымадта, фæлæ паддзахадон сконды расидт федерализм. Уый фæстæ Конституци цалынмæ райстой, уæдмæ 1924 азы Конституцийы фæрцы Уæрæсейы Советон Федаративон Социалистон Республикæйы сконды уыдысты аст автономон республикæйы: Туркестан, Башкири, Тæтæр, Хъыргъызстан, Якути, Хохаг республикæтæ. Ацы паддзахадон-барадон инновацитæн Цæгат Кавказы уыд сæхи истори, уый нырма иртæст нæма æрцыд. Цалынмæ 1918 азы Конституци фидаргонд нæма æрцыд, уæдмæ Цæгат Кавказы Советты I аг съезды Хъубайнаг-Сауденджызон, Стъарапойлаг æмæ Теркаг республикæтæ баиу кодтой Цæгат-Кавказаг Советон Республикæмæ. "Урс змæлд" кæй хуыдтой, уыдон æй 1918 азы декабры фехæлдтой.

Мах цæстæй акæсгæйæ дæр уыйас бирæ нæ фæцардаид, алыхуызон национ-административон ныхмæлæуд хъуыдытæ йæ фæхалынмæ æртардтаиккой. Хохаг Автономон Советон Социалистон Республикæмæ бацыдысты Кæсæджы, Балхъары, Мæхъæлы, Хъæрæсейы, Ирон, Цæцæны административон зылдтæ. Фæстæдæр автономон зылдтæ систы Уæрæсейы Советон Федеративон Социалистон Республикæйы.

Конституцион арæзтадыл дзургæйæ, Цæгат Ирыстоны бартæ фидаргонд æрцыдысты Æппæтцæдисон Конституцийы 1936 азы, 1937 азы та фидаргонд æрцыдысты Уæрæсейы Конституци æмæ Цæгат Ирыстоны Конституци. Профессор Мулукаты Р.С. фыццаг равзæрста, Цæгат Кавказы адæмты конституционализмы рæзт, æрцыд ахæм хатдзæгмæ, æмæ æрмæстдæр Советон хицауады фæрцы Цæгат Кавказы адæмтæ систы автономон паддзахадон сконды, национ зылдты хицæуттæ. Ног паддзахад сарæзыны сæйраг бынат лæвæрд цыд адæмы æмбар æмæ хæдбардзинадæн, фæлæ паддзахады скондты хæдбары ном фыст нæ уыд. Советон Цæдисы æнæцæдисон республикæтæ кæддæриддæр уыдысты автономон бындурыл.

Ацы æхсæнадон-политикон цау ирон этносы æмæ йæ социалон-экономикон рæзтæн, йæ минæвæртты культурон барадæн фæахъаз, уæрæсейаг æмæ советон паддзахад бар радта хæдбардзинадæн æмæ иумæйаг бирæнацион паддзахад саразынæн. Советон хицауад Ирыстонæн цы паддзахадон-барадон уавæртæ скодта, уыдонæн сæ сæйраг нысан уыд бæстæйы адæмты культурон æмвæзадыл хæрдмæ схæцын, хи паддзахад саразыны бартæ сын радтын, республикон закъонæвæрынадæн кодтæ скæнын.

**ЧЕДЖЕМТЫ Сергей,
Цæгат Кавказы хæххонметаллургон институты
профессор**

Не 'взаг — нæ хæзна

# Нæ дзырдуæттæ

**Дзырдуат ахъаззаджы мадзал у æвзаг ахуыр кæнынæн, растфыссынадæн, æвзаджы (дзырды) консервацийæн. Дзырдуатæн йæ хъомыс, йæ ахадындзинад стыр у, йæ саразын та зын æмæ уæззау, дæргъвæтин куыст. Йæхимæ бирæ лæмбынæг хъусдард домы, талф-тулф архайд нæ уарзы, йæ алы дзырд дæр уырзæй æвзаргæ у. Бирæ алыхуызон дзырдуæттæ цы æвзагæн ис, уый хъомысджын у, йæ адæм та тæхудиаг сты. Уыцы хъуыддаджы ирон адæмæн дæр бæрæг æнтыстытæ сæ къухы бафтыд. Æрмæст Абайты Васойы фондзтомон Ирон æвзаджы историон-этимологон дзырдуат кæуылты æрдхæрæны сгуыхтдзинад у, кæнæ Ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат, йæ æртыккаг том цæттæйæ ныр авд азы дæргъы ныммыхуыр кæнын кæмæн нал æнтысы, йæ цыппæрæм томы хъысмæт та ноджы æбæрæгдæр… Афтæмæй нæ ацы дзырдуаты сæр та тынг зæрдиагæй хъæуы абон, ирон адæмы цæстытæ йæм æнхъæлмæ кæсынæй ныуурс сты.**

Мæ дзуринæгты сæр мæнæн ирон-уырыссаг дзырдуæттæ сты. Фыццаг уал уый зæгъон, æмæ ацы дзырдуæттæ, уыдонимæ уырыссаг-ирон дзырдуæттæ дæр, æгæр гыццылтæ сты сæ дзырдты нымæцæй — 15 минæй 30 минмæ. Ирон æвзаджы та, æвæццæгæн. 100 минæй фылдæр хъомысджын дзырды ис. Ноджы ма дзырдуæттæм хаст дзырдтæн сæ æртыццаг хайы бæрц уырыссаг æмæ æхсæнадон дзырдтæ сты, ирон дзырдтæн та сæ фылдæр хай æбæрæгæй фæсвæд рох кæнынц æмæ сæфынц. Æз уый зæгъинаг нæ дæн, æмæ æрбайсгæ дзырдтæ (æхсæнадæмон) нæ хъæуынц. Хъæуынц, фæлæ ирон дзырдтыл дæр батыхсæм. Абайты Эдуарды æрмæджытæй уый бæрц рохуаты аззайæг рæсугъд хъæугæ дзырдтæ ракæсынц, æмæ сæ зæрдæ барухс вæййы, стæй та уæнгтæ ныккæлынц не 'взаджы абоны уавæрæй. Хорз уаид, Эдуард уыцы арфæйаг куыст куы адарддæр æмæ æрбæстон кæнид нæ фидæны фæлтæрæн, нæ сомбонæн.

Дзырдуæттæ канд кадавар не сты ирон дзырдтæй, фæлæ ма сæ ис дзæвгар дзырдтæ, уырыссагмæ раст тæлмацгонд чи не 'рцыдысты, науæд та бынтон æбæрнон. Уæлæнгай акæсгæйæ кæуыл фембæлдтæн, уыдонæй иу цалдæр дæнцæджы:

**Анцъухын** 1) утащить, украсть; 2) выпить до дна. Ам дыккаг пункты раст у тæлмац (бафтауин ма йæм быстро), фæлæ фыццаг — утащить, украсть та антъухын у, анцъухын — нæ.

**Ælутон** — сказочная пища. Ælутон уыди дзидзаимæ фых бæгæны, цас раст у бæгæныйы пища рахонын?

**Æнæминиуæг** — бесцветный. Æркæсæм, цы амоны миниуæг. **Миниуæг** свойство, качество, признак, особенность. Бесцветный та у æгъуыз.

**Куырыхон** — трудолюбивый, работающий, работяга, хороший работник. Ардæм **куыст** кæнæ **кусæг** ницы бар дарынц. Хæдзарон фосæй дæр ис кусаг æмæ хорз кусæг, фæлæ сын куырыхон рахонæн нæй. Куырыхон у зондджын, æгъдауджын, фенæг, разагъды, уæздан, цытджын зæронд (ацæргæ) адæймаг.

**Цæсгомджын** 1) бессовестный, наглый; 2) смелый. Уый дын гъе, царциаты диссæгтæ! Æмæ уæд **æдзæсгом** та ма цы у? Хорз адæймагæй æппæлæн ныхас куы фæзæгъæм "цард-цæрæнбонты цæсгомджынæй фæцарди æмæ фæллой фæкодта", зæгъгæ, уæд уый та куыд æмбаргæ уа, **добросовестно** æви æфхæрæн **бессовестно**? Хъыгагæн, æмбарынгæнæг нæй, цæмæн у цæсгомджын бессовестный, афтæмæй ацы æмæ æндæр дзырдтæ фæлхатгонд цæуынц нæ дзырдуæтты иу рауагъдæй иннæмæ.

**Фæлгъауын** I 1) требовать; 2) добиваться; 3) вымогать; II вымогательство. Мæнмæ гæсгæ, дзырд фæлгъауынæн байсыны кæнæ тыхтонайы нысаниуæг нæй, фæлæ раиртасыны, раргом, бамбарыны нысаниуæг. Мæ хъуыды бафидар кæнынæн æрхæссон ирон æвзаг арф æмæ бæстон зонæг Нафи æмæ Шамилæй дæнцæгтæ. Сæ дыууæ дæр иттæг хорз зыдтой ирон æвзаджы æппæт фæзилæнтæ, куыд Хуссары, афтæ Цæгат Ирыстоны дæр.

Нафийы фыст уац Абайты Васойы тыххæй "Тæхудиаг лæг, тæхудиаг сфæлдыстад"-æй скъуыддзæгтæ ("Фидиуæг", 2020, №6, ф 20-21): "Цæмæй Васойы сфæлдыстадон сгуыхты бæрзонд мидныcан нæ разы сыста бæлвырдæй, уымæн, æвæццæгæн, хъæуы рафæлгъауын иу æндæр фарст: цы культурон-идеологон уавæры байрæзт Васо, куыд удгоймаг, цы культурон бынтæ æмæ фæндиæгтæ æрæййæфта йæ радтæг адæммæ, куыд барст у уыцы культурон агурæнтыл йæ фыдæбон, йæ бирæ æмæ æвæллайгæ фæлдисæн куыст?" "… Ахæм хуызы та Васойы сгуыхтдзинадæн æрмæст йæ иу хай бамбарæн ис, йæ царды миднысан **рафæлгъауæн** нæй". Æмæ ма ноджы: "Сæйраг у æндæр хабар: Васойæн бынтон æндæр ахаст ис йæ иртасинæгтæ дæр (ирон æвзагмæ) æмæ йæ **рафæлгъуыд** æцæгдзинадмæ дæр".

Ацы уац "Фидиуæг"-мæ бафтыди газет "Рæстдзинад"-ы архивæй.

О нæ Фыд, æркæс нæм: адæм
Махæн нал **фæлгъауынц** кад.
Рохæй Уазы ихтыл бадæм,
Нал ис марзт фынгыл бæркад.
Шамил, чиныг "Намыс", Дауджыты хъаст, ф.138

**Уачъи** 1) подбородок; 2) нижняя челюсть. Ам дæр та æнæраст тæлмац. **Уачъи** уырыссагау у **шея, подбородок** иронау — **роцъо, нижняя челюсть** — æфсæр. **Уачъийæн** ма синонимты хуызы ис нæмттæ: къубал, бæрзæй, хъуыр. Ацы дзырдтæ, куыд уачъи, амонынц, рагъыстæгджын цæрæгойæн æмæ адæймагæн сæрæй гуыры 'хсæн цы хай ис, уый. Къубал фылдæр фæзæгъынц маргъы сæрæй гуыры 'хсæн хайæ. Уачъи æмæ хъуыр та фылдæр адæм æмæ цыппæркъахыг цæрæгойтæй. Бæрзæй æмæ хъуыр ныхмæвæрд хæйттæ сты, иу фæстейæ, иннæ — разæй. Роцъо (подбородок) æмæ бинаг æфсæр (нижняя челюсть) ардæм нæ хауынц.




**Сурдымæн** — суховей. Æмæ тæлмац ууыл фæци. Сурдымæн, фыццаджыдæр, тамакодымæн мундштук кæй у, тамакоимæ дзы арæхдæр кæй пайда кодтой ацы дзырдæй, уый ферохчынди.

Сурдымæн у **мундштук**, трубкæ та — **лулæ**, сæ зонын нæ ницы бахъыгдардзæн.

**Залиаг** калм — ядовитая змея, дракон в сказках. Ядовитая змея иронау хъæстæ калм у. Залиаг хъæстæ нæу, нæ амоны. Ирон æмбарынгæнæн дзырдуаты раст амынд цæуы: Залиаг: залиаг калм — 1) ирон адæмон сфæлдыстады: æнахуыр стыр æмæ тæссаг калм змей, дракон.

**Къацкъаци** см. Къадз. Къадз зоол.аист. Равзарæм та ацы къаламбур дæр. Къацкъаци æмæ къадз кæрæдзимæ ницы бар дарынц. Къацкъаци у дзæгъындзæджы ном гуырдзиагау — къачъкъачъи (сорока) — халонæй лыстæгдæр, давын уарзæг сау-урс хъулон маргъ даргъ къудиимæ. Уæдæ кæм дзæгъындзæг æмæ кæм къадз. Къадз дзæгъындзæгæй иу фынддæс хатты стырдæр у.

**Къуди** — шея (сзади); спина, хребет. Къуди къуди у (ома, къæдзил) фæстейæ дæр, уæлейæ дæр æмæ кæцæйфæнды дæр. Шея, спина æмæ хребетæн иронау сæхи нæмттæ ис.

Æвæццæгæн нын æрбайсгæ дзырдтæ æхсызгондзинад хæссынц, æндæр сæ цæмæн байдзаг кодтам нæ дзырдуæттæ нæхи ирон дзырдты бæсты. Къацкъацийыл дзырдтам, уымæй дарддæр ма иу цалдæр дæнцæджы:

**Камари** — пояс из серебра с позолотой (к женскому костюму). Куы нæм ис нæхимæ сылгоймаджы рон кæнæ разгæмтты рон, уæд нæ кæдæм бахъуыд гуырдзиаг роны ном камари. Рон гуырдзиагау хуыйны камари, æвзистæй уа, сыгъзæринæй æви уæрдæхæй, уæлдай сæ нæй.

**Къози** 1) деревянная ложка; 2) небольшая деревянная миска с ручкой. Уидыг гуырдзиагау хуыйны къовзи, хъæдын у, æфсæйнаг æви æвзист, уæлдай дзы ницы ис.

**Похци** — борона. Похци у гуырдзиаг похцийы хæлд, æнæраст хуыз. Похци иронау у адæг, фæлæ нын нæхи адæг хуым дзæбæх нал ласы, нæ лæгъз кæны…

**Протокол** — протокол. Протоколæн ис ирон рæсугъд ном суагъæ, куыд писмойæн — фыстæг, наукæйæн — зонадон, фæлæ нæм хæдонæй кæрц феввахсдæр.

**Ландыш** — ландыш. Джыджына та цæуылнæ?

**Металл** — металл. Æмæ згъæр та?

**Мускул** — мускул, хæцъæф — нæ, хъодыйаг у. Æмæ ма бирæ æндæр ахæм æнæхъæугæ æддагон дзырдтæ нæхиуæтты бæсты.

Ис ма нæ дзырдуæтты дзырды уидаг халыны цаутæ дæр. Æрхæссæм та дæнцæгтæ:

**Хъæздыг**, хъæздыгад, хъæздыгдзинад… Хъæздыг цæмæн, хъæзныг цæуылнæ, дзырды уидаг хъæзн куы у, уæд? (кæс Абайты Васойы ИЭСОЯ, II том, ф 302).

**Фыранк**. Дзурæм фылдæр фæранк, Васомæ дæр фæранк (фæланк) том I, ф. 450). Стæй, цыма, фыранкæй фæранк хъомысджындæр у йæ зæлтæй.

**Сæрхъуызой** — защитник, покровитель. Ам дæр дзырды уидаг хъызын ивд æрцыд **хъуызынæй**, æмæ уыдон та сты бынтон хицæн дзырдтæ. Хъуызын у подкрадываться, хъызын та ивд æрцыд уырыссаг æвзагмæ I сглазить, повредить, хъызын II наступать (о ненастье; морозах). Дыууæ варианты иуы дæр нæ разынди хъызыны сæйраг нысаниуæг, йæ раст хъæугæ тæлмац. Кæсæм Васомæ (II том, ф.336) **хъызын: хъызт (гъизын: гъист, 1)** угрожать, враждебно относиться, желать дурного; 2) наступать ненастью. Уæдæ дзырды уидаг хъызын у, хъуызын нæу, æмæ фыссын дæр хъæуы сæрхъуызой æмæ дзурын дæр, æндæр вариант дзы нæй. Гукк!

**Сæрхызт** 1) необщительный; 2) щепетильный; 3) нелюдим. Тыхджын раст. Фæлæ сæрхызтæй куыд равзæрди сæрхъызтдзинад нæ дзырдуæтты?! **Сæрхъуызтдзинад** необщительность; замкнутость. Сæрхъуызтдзинад æнæбары рæдыд у æви барæй, уый бæрæг нæу. **Сæрхызтдзинад** у ацы дзырд.

Нæ ирон æвзаджы абоны уавæр уынæм æмæ зонæм, æмæ кæд йæ бавæрын æмæ йæ райрæзтмæ нæ гæрзтæ рабастам, уæд нæ уыцы арфæйаг куысты нæ дзырдуæтты нысаниуæг та стыр æмæ ахадгæ у, æмæ сæм уæлæнгай, фыдыусы цæстæй кæсын нæ хъæуы.

**ГÆБÆРАТЫ Феликс,
нывгæнæг-дизайнер,
фæллойы ветеран**

Поэзийы уылæнтæ



**МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег**

## Фæстаг рындз

*Мæ цæстытæн фæтар кæны сæ ирд —
зæрæхсидыл сæууон зарæг нæ зарынц.
Мæ царды бæхæн бамынæг йæ сирд,
æрбазынд æм æрвгæронæй фæстаг рындз.*

*Ныр нуазы арв зæрæхсиды сырх сæн,
йæ кæртæй сæфы хур-тынты хæлын кау.
Кæд хауын æз цъæх æртыты æхсæн —
кæм тох кæнынц дыууæ хохы фырытау.*

*Хъæудзæн мæ уым æрду-хидыл цæуын
сæ бæрæгастæу уон æмæ нæ уонæн,
хъæудзæн мæ уым пахуымпарау лæууын
йæ къæсæрыл фыдбон кæнæ хæрзбонæн.*

*Уыдзæн мæ рифтаг рог кæнæ уæззау,
мæ монцты уæрдон дзаг уыдзæн, йе — ривад...
Цы сныв кæна ыстыр иунæг Хуыцау,
нæй уыцы 'лгъыстæн, уыцы фарнæн ивæн.*

## Мæйы сонатæ

***Арв сывæллонау у кæуаг,
арв сывæллонау худаг у. —
Мæй, бæгъæмсар Сырдонау, фæуад
арвгæрæтты йæ худагур.***

***'Фтауы стъалыты дисы мæй, —
хъазгæмхасæн æй афæрсынц:
"Оххай, не 'рвад, тыхсыс цæмæй,
йе дæ рухс цæсты цавæр сындз?.."***

***Мæй ныссабыр, ныхъхъус и, хуыссы,
фæскъуыдымы фæзилы.
Ирд кометæ йын уадымс хæссы
кæд Æрфæны къæдзилау.***

***Кæд йæ хъынцъым, йæ хъизæмар кæд
йе 'ккой фæсрагъмæ фæтулы...
Нæ фæлæ фестад Мукарайы кард,
...æмæ мæ фынтæ — æрду-лыг...***

## Зæххон цин

*Мæ зæрдæйыл ныффæлдæхти фæндыр,
тæлтæг риуыл ныттынг ысты йæ тæнтæ.
Ныггуыпп ластой мæ сонт уды кæлæнтæ,
сæ азарæй æгас дуне ныммыр...*

*Æваст куы ссыд хъæр-ахст æмæ мыр-мыр,
Æгæрон фæзтыл раивылд мелоди.
Æртахти мæм æрвон æфсургъ. Фæсонт и,
Æрцахстон ын йæ цæссыджы зыр-зыр.*

*Йæ цæссыджы — зæххон цин æмæ дис,
нæртон барæг ын бавнæлдта йæ барцмæ:
тæхæм уæлмонцон зæрдæты гуыпп-артмæ.*

*Цæрыны ныфсæй ма зонæм æфсис!
Бæлццон дзыллæтæ банкъуысой нæ зардмæ
æмæ тырной æвæлмæцгæйæ цардмæ!*

* * *

***Л-йæн***

***Æз дын дæ цæстысыг æруидздзынæн цæппузыргай,
мæ уды æндахыл сæ бакæндзынæн хъавгæ
æмæ сæ хъахъхъæндзынæн авгау...***

***Æмæ-иу искуы æз куы бафæлмæцон дард балцы,
уæд-иу дæ цæссыгтæ дзæнгæрджытау цæгъддзысты
æмæ мæ ныфс цырын кæндзысты...***

***Уæд-иу мæ зонгуытыл æрлæудзынæн сæ разы...
Сæ æрвон азæлдмæ-иу хъусдзынæн æрмæстдæр...
Дæу уыдон бакодтой цæрмæстыгъд...***

***Æз дын дæ цæстысыг æруидздзынæн цæппузыргай...
Æмæ-иу искуы æз куы бафæлмæцон дард балцы...
Уæд-иу мæ зонгуытыл æрлæудзынæн сæ разы.***

* * *

*Æрцыдтæн дæм, мæ сабидуг, æрцыдтæн,
рæстæджы тар мигъ айгæрста хъуыды...
Дæ цæстыты цæхæр кæны къæрццытæ,
сæпп-сæпп кæныс дæ уисын бæхыл ды...*

*Дæ фæдыл рыг уылæнтæгæнгæ сысты,
Мæ сæнтты нау сыл ленкгæнгæ тæхдзæн,
Мæ кæл-кæлы маякы рухс хæссыс ды,
мæ сабидуг, мæнæн.*

*Цæуын дæ фæдыл, ссыгътай мæ,
Æртхурон...
Фæлæуу, мæ хур,
фæкæлдзынæ,
фæуром!*

## Æрхун

***Æнæ дæу хори рохс цæсти синдзæ 'й,
æнæ дæу нæ ерун мæхе дæр.
Сау æрхун æ бæхбæл ку фæззиндзæй,
æхсиндзæй мин мæ уод, мæ игæр.***

***Иваздзæй мин мæ зæрди едæгтæ,
æхецæн си астъонæ кæндзæй,
ма мæ хъури баддзæй, æхе цæгъдгæ,
дæ фæззиндмæ æнгъæлмæ кæсгæй.***

* * *

*Зæрди нези едæгти инсойнæ,
дæ хъæбæрбæл мæ уод æздухсуй.
Кæд еске æригъал æй дæу коймæ, —
мæнæн ба мæ игъал нæ хуссуй.*

*Уоди дуйней цъæх арт хецмæрезæй
æхе медæг нийдайуй гур-гур.
Кæмæндæр е æрмæст цæсти нез æй,
мæнæн ба еугур незти будур.*

*Æскъæфуй мæ цийнитæ, нинnеттæ,
ивазуй мин ме 'нгас рагацау...
Мæ фалдзос сах лæуунцæ дуйнетæ, —
сæ уæлгъос — æнæлæдæрд Хицау.*

* * *

***Цъæх ма йæй мæ исони сау зин,
æ цъæхснаг нииййарауй мæ гъости,
æуyелун мæ хæрнæгъи кæрдзин,
мæ цæстсуг ниммарун цæсти хъозги...***

***Æз серабæл лæуун багънбад,
нæма фæдтæн нкур ма мæ нез уордæг,
хор арвбæл нииййгъæнста æ йарт,
кæд фицуй мæ зæрдæй бор фезонæг...***

***Æз лæуун, æрзилдæй мæбæл арв,
арви 'ндурæ бæттуй мæ уæргутæ, —
нимæхсун мæ рист уоди дæларм
сау катаййи инод дзæнгæргутæ...***

## Спортивон фидиуæг



### Футбол

# Сæ балц та нæ фæрæстмæ

**Уæрæсейы фыццаг къорды футболон чемпионаты ивгъуыд хуыцаубоны командæтæ акодтой 25-æм туры хъæзтытæ.**

Дзæуджыхъæуы "Аланыстон" уыцы бон уазæгуаты фембæлд Набережные Челныйы командæ "КамАЗ"-имæ.

Ирыстоны командæ ацы аз цы цыппар хъазты акодта, уыдонæй йын иуы дæр рамбулын нæма бантыст. Цыппар хъазтæн æрмæстдæр 2 очкойы йеддæмæ кæй нæ бакуыстой нæ футболисттæ, уый дæр цас æхсызгон хъуамæ уыдаид нæ командæйы иузæрдион фарсхæцджытæн? Уыдон æнхъæлмæ кастысты, "Аланыстон" йæ 5-æм хъазты раздæры рæдыдтытæ кæй нал æруаддзæн æмæ "КамАЗ"-имæ йæхи, раздæрау, хъомысджынæй кæй равдисдзæн, уымæ.

Æвæццæгæн, нæ футболисттæн сæхи дæр фæндыдис сæ фарсхæцæг футболуарзджыты зæрдæтæ сæ хъазтæй барухс кæнын, фæлæ та ацы хатт дæр сæ балц нæ фæрæстмæ.

Зын зæгъæн у, нæ командæйы архайд фаронæй зынгæ цауддæр цæмæн у, уый, фæлæ бæрæг дары, къуыхцытæ æгæр бирæ кæй сты, уый.

"КамАЗ"-имæ фембæлды "Аланыстон"-ы рæнхъыты фæзмæ рацыдысты: **Ростислав Солдатенко, Багаты Алан, Хъæцмæзты Сослан, Дзæхаты Давид (72' — Цоциты Алан), Хосонты Хетæг, Артур Галоян (72' — Николай Гиоргобиани), Хæбæлаты Алан (72' — Цæраты Алан), Бутаты Аллон, Гуырцъыты Батрадз (76' — Максим Петров), Заур Тарба (75' — Хусаин Норчаев)** æмæ **Ислам Машуков.**

Фыццаг таймы дыууæ командæйы дæр фылдæр архайдтой сæ дуармæ бацæуæнтæ бахъахъхъæнынил. Цы ныббырстытæ арæзтой, уыдонæн нæ фаг кодта цырддæр æмæ æрхъуыдыджындæр уæвын. Алайнæгтæ цы ныббырстытæ сарæзтой, уыдон кæд нымæцæй гыццыл нæ уыдысты, уæддæр сын фысымты дуары цур тæссаг уавæртæ саразын нæ бантыст.



| Командæтæ | Хъ | Р | Æ | Х | П | О |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. Балтикæ | 25 | 14 | 10 | 1 | 45-22 | 52 |
| 2. Рубин | 25 | 12 | 10 | 3 | 39-24 | 46 |
| 3. Енисей | 25 | 11 | 10 | 4 | 33-24 | 43 |
| **4. Аланыстон** | **25** | **11** | **8** | **6** | **39-27** | **41** |
| 5. Волгар | 25 | 10 | 8 | 7 | 29-23 | 38 |
| 6. КамАЗ | 25 | 9 | 9 | 7 | 28-24 | 36 |
| 7. Арсенал | 25 | 10 | 6 | 9 | 32-31 | 36 |
| 8. Шинник | 25 | 10 | 5 | 10 | 29-28 | 35 |
| 9. Динамо (Махачкала) | 25 | 8 | 10 | 7 | 17-18 | 34 |
| 10. СКА-Хабаровск | 25 | 9 | 7 | 9 | 38-31 | 34 |
| 11. Акрон | 25 | 7 | 12 | 6 | 27-27 | 33 |
| 12. Нефтехимик | 25 | 8 | 8 | 9 | 21-24 | 32 |
| 13. Родинæ | 25 | 8 | 7 | 10 | 27-32 | 31 |
| 14. Хъубан | 25 | 7 | 6 | 12 | 26-28 | 27 |
| 15. Велес | 25 | 7 | 4 | 14 | 24-40 | 25 |
| 16. Уфа | 25 | 6 | 6 | 13 | 25-34 | 24 |
| 17. Волгæ | 25 | 4 | 8 | 13 | 17-34 | 20 |
| 18. Краснодар-2 | 25 | 4 | 6 | 15 | 16-41 | 18 |

Хъазты дыккаг æмбисы фысымтæ размæ ныфсджындæрæй цæуын куы райдыдтой, уæд сын бантыст "Аланыстон"-ы иварон фæзы цалдæр тæссаг уавæры саразын. Уыцы цыргъ уавæртæ аразæг фылдæр уыдис "КамАЗ"-ы хъазæг ирон лæппу **Гаглойты Алыксандр**. Алыксандр "Аланыстон"-ы дуары рахизырдыгæй фæд-фæдыл цы цырд ныббырстытæ сарæзта, уыдонæй иуы 62'-æм минуты баирвæзт алайнæгты иварон фæзмæ. Уым фæсайдта сæ хъахъхъæнджыты æмæ пурти дæсны лæвæрд бакодта йе 'мбал **Богдан Рейхменмæ**. Уый йæ иттæг хорз уавæрæй спайда кодта æмæ æнæкъуылымпыйæ пурти Ростислав Солдатенкойы фæрсты дуары фæмидæг кодта.

"КамАЗ" размæ рацыд 1:0 хыгъдæй.

"Аланыстон" архайдта хъазты цыд йæхи пайдайæн рацаразынил. Размæ тырныдтой, суанг сæ хъахъхъæнджытæ дæр ма. Хъазты цыд райдианæй кæронмæ дæр рауад дæрзæг. Уымæн æвдисæн сты, тæрхонгæнæг дыууæ командæйы хъазджыты цы бирæ хæттыты фæивар кодта бур къамтæй, уый. 66'-æм минутыл тæрхонгæнæг "Аланыстон"-ы размæбырсæг Ислам Машуковы фæивар кодта дыккаг хатт æмæ йæ хъазæн фæзæй арвыста. Афтæмæй, 0:1 хыгъдæй хæрдгæнгæйæ, "Аланыстон" баззад иу хъазæг къаддæрæй.

Командæйы сæйраг тренер **Олег Василенко** ахæм уавæры фæзмæ рарвыста фондз æвæллад хъазæджы. Уыдон, бæргæ, архайдтой хыгъд аивынмæ. Бантыст сын цалдæр цыргъ уавæры саразын фысымты дуары цур, фæлæ пурти хызмæ фæцаразын сæ къухы нал æфтыдис.

Тынг хæстæг уыдис гол бакæнынмæ 87'-æм минутыл Николай Гиоргобиани, фæлæ, дæрддзæфæй кæй æрбалæвæрдта, уыцы пурти фысымты дуары разхъæдыл ауад æмæ мидæмæ нал бахауд.

Хъазты уæлæмхасæн рæстæг размæ атындзыдта "Аланыстон"-ы хъахъхъæнæг, командæйы капитан Багаты Алан. Йе 'мбæлттимæ цы ныббырст ацарæзтой, уым хорз фæцарæхст къорд хъазæджы 'хсæнæй пурти дуары хызмæ фæцаразын, фæлæ дуаргæсæн бантыст пурти иуварсмæ акъуырын.

"КамАЗ" фæуæлахиз 1:0 хыгъдæй. "Аланыстон", хъыгагæн, ацы азы фондз хъазты фесæфта 12 очкойы, фæлæ нырма цæуы 4-æм бынаты. Командæ 26-æм туры йæ радон хъазт акæндзæн 7 апрелы, Грознайы. Уым нæ командæйы уазæгыл нымад уыдзæн, ныртæккæ 14-æм бынаты чи цæуы, уыцы мæскуыйаг командæ "Велес".

25-æм туры командæты хъæзтытæ ахицæн сты ахæм хыгъдтимæ: "КамАЗ" — "Аланыстон" — 1:0, "Нефтехимик" — "Арсенал" — 1:0, "Хъубан" — "Шинник" — 2:0, "Волгæ" (Ульяновск) — "Волгарь" (Астрахан) — 0:3, "Рубин" — "Велес" — 1:1, "Динамо-Махачкала" — "Балтикæ" — 0:0, "Родинæ" — "Акрон" — 1:3, "Енисей" — "Краснодар-2 — 0:0, "Уфа" — "СКА-Хабаровск" — 3:0.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Фембæлд

# Студентты патриотон хъомылады райрæзтæн



**Æрæджы Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты наукон библиотекæйы фембæлдысты студенттæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытимæ — ''Аланыстон'' æмæ ''Ныббырст-Ирыстон''-ы батальонты æфсæддонтæ.**

Фембæлд арæзт æрцыд фæсивæды активон граждайнаг позицийы райрæзты фарстаты координацион советы хъæппæрисæй, "Гом æрдзырд"-ы акцийы арæнты.

— Абон мах нæ дзурдзыстæм политикæйыл. Мæн фæнды, цæмæй абон фæсивæд ардыгæй рацæуой патриотон æнкъарæнтимæ, уый у нæ хæс, уый уыд нæ нысан, ацы фембæлдыл куы хъуыды кодтам æмæ йæ куы арæзтам, уæд, — загъта Цæгат Ирыстон паддзахадон университеты философон æмæ социалон наукæты кафедрæйы сæргълæууæг **Дзахаты Ларисæ**.

Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ **Хъæцлæуты Дзамболат, Джиоты Артур, Богъаты Тамерлан, Цыхуырбаты Алан, Тъехты Айвенго, Чочиты Æхсар, Плиты Денис** студенттимæ дзырдтой, цы зындзинæдтимæ сæмбæлынц хæсты быдыры, цы миниуджытæй хъуамæ æххæст уа æфсæддон, уыдæттыл.

Фембæлд йæ кæронмæ куы 'рхæццæ, уæд студенттæ арфæйы ныхæстæ загътой нæ хъæбатыртæн.

**ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ**

## Цалцæджы фæстæ

# Музыкалон скъола æмæ Культурæйы хæдзар

**Горæтгæрон районы бындурон цалцæггæнæн куыстыты фæстæ культурæйы дыууæ объекты кусын райдыдтой.**

Ныхас цæуы Октябрыхъæуы музыкалон скъола æмæ Сунжæйы Культурæйы хæдзарыл. 212 ахуырдзауы кæм ис æмæ 32 ахуыргæнæджы кæм кусынц, сывæллæтты уыцы музыкалон скъола цалцæг кодтой национ проект "Культурæ"-мæ гæсгæ.



— Ахуыргæнæндоны ис индивидуалон æмæ къордгай ахуырадæн фынддæс аудиторийы, библиотекæ æмæ концертон зал. Ацы залы фæныыл кодтой акустикæ, къæлæтджын бандæттæ дзы сæвæрдтой. Оркестрон къласы фæзынд залиуварсгæнæг ифтонггæрзтæ. Тæвд æмæ донифтонгады системæтæ, стæй электрон тых хъахъхъæнæг ифтонггæрзтæ ногтæй баивтой. Бæстыхайы къултæ, цартæ æмæ йæ раззаг фарс цалцæггонд æрцыдысты. Пъолтæ æмæ дуæрттæ ногтæй баивтой, пандус дзы сæвæрдтой.

Сунжæйы Культурæйы хæдзар сцалцæг кодтой паддзахадон программæ "Культурæйы рæзт"-мæ гæсгæ.

**Нæ уацхæссæг**

## Барад

# Æрбацæуæг адæмы нымæц фæфылдæр

**Цæгат Ирыстонмæ миграцийы уылæн ивгъуыд азы фæфылдæр. Уый тыххæй фехъусын кодта нæ республикæйы мидхъуыддæгты министр Андрей СЕРГЕЕВ.**

— 2022 азы уадзæн пункттыл нæ республикæмæ æрбацыд 340 мин фæсарæйнаг гражданины. Афтæмæй сæ нымæц сырæзт 1,5 хатты. Се 'хсæн ис, гражданины бартæ кæмæ нæй, ахæмтæ дæр. Се 'ппæт дæр æвæрд цæуынц миграцион хыгъды, — загъта министр.

Андрей Сергеевы ныхæстæм гæсгæ, пъæлицæйы кусджыты архайдæй бæрæггонд æрцыд 62 фыдракæнд æмæ 7 мин административон æгъдаухæлды. Барадон фæткы 186 хъуыддаджы бындурыл, УФ-мæ иуæй-иу фæсарæйнаг гражданинты не 'рбауадзыны æмæ сæ феддæдуар кæныны тыххæй та арæзт æрцыд 137 æрмæджы.

**БÆЗЗАТЫ Алинæ**

## Плиты Иссæйы мысинæгтæй

# Фехъуыс мадæлон æвзаг

**Сгарджытæ нын куыд фехъусын кодтой, афтæмæй нæ ныхмæлæууæг немыцаг æфсæддон хайы бæсты сæм хъуамæ æндæр æфсæдтæ æрбацыдаид. Уый фæрцы цасдæр рæстæг знæгтæ ныхъхъус сты, бæрæг уыди, сæхи ныббырстмæ кæй цæттæ кæнынц, уый. Махонтæн гæнæн фæци раздæр ныббырсынæн æмæ сын сæ фæндтæ фехалынæн. Хъуыдис æвæстиатæй булкъон Чепурковы æртæ полкъæн бардзырд радтын, цæмæй уой цæттæ.**

— Фæлæ фæзынди цæлхдур — уыди æхсæв, бастдзинады афицертæ афойнадыл нæ бахæццæ уыдаиккой уыцы бардзырдимæ полкътæм. Телефон кæнæ рацийæ та дзурæн æнæ шифрæй нæ уыдис — немыц нын базыдтаиккой нæ хабæрттæ. Шифр чи зыдта, ахæм специалист та нæм нæ уыди. Уæдæ цы чындæуа? — бацыдыстæм сагъæсы. Æмæ дын мæм æвиппайды Чепуркин куы 'рбауаид: "Иссæ Алыксандры фырт, уæд та бардзырд телефонæй дæхи мадæлон ирон æвзагæй арвитиккам?"

— Тынг хорз! — загътон æз. — Немыцæн уый диссаджы æнахуыр код уыдзæн! Базон-ма, нæ полкъты ныртæккæ ирæттæй исчи ис?



— Ис, æмбал инæлар, — уайтагъд мæ разы æрбалæууыд комиссар Добрушин. — Брытъиаты Ахметы фырт Мæхæмæт. Уымæ бадæдтут рацийæ бардзырд иронау, уый та йæ фехъусын кæндзæн полкъты командиртæн!

Цалдæр минуты фæстæ æз ныхас кодтон ме 'мзæххон — дивизийы политхайады сæргълæууæджы хæдивæг дæлбулкъон Брытъиаты Мæхæмæтимæ, загътон ын, цæмæй не 'фсæдтæн бардзырд радта нæхи æвзагыл. Суанг ма уый фæстæ нæхи бастдзинады кусджытæ дæр дисы бацыдысты, цавæрдæр æнахуыр ныхас, дам, хъуысти телефоны.

Знæгтæн та сæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди нæ ирон ныхасы мидис, нæ йæ рахатыдтой. Махонтæ æхсæв сусæгæй бахъуызыдысты немыцы акъоппытæм, схæцыдысты æмæ сæ фæсырдтой сæ бынæттæй...

*(Чиныг "Гвардийы тырысайы бынмæ"-йæ)*

## Æцæг хабар

# Нозт — хæйрæджы хойраг

Заманхъуйлаг Сатцаты Бускайы кой Ирыстоны чи нæ фехъуыста, ахæм, æвæццæгæн, зын ссарæн у. Йæ цыргъзонд ныхæстæ, йæ хъæлдзæг хабæрттæ баззадысты æмбисондæн нæ адæмæн. О, фæлæ, йæхиуыл цы цаутæ æрцыд, уыдон дæр къаддæр цымыдисаг не сты. Иу мын дзы ивгъуыд æнусы æстайæм азты радзырдта мæ хорз сыхаг Чеджемты Смайлы. Дзæнæты бадæд, цæрынхъуагæй ацыд а дунейæ, фæлæ махæй нæ рох кæны. Хорз фæд ныууагъта а зæххыл, зыдта бирæ хъæлдзæг радзырдтæ, æмбисæндтæ, диссаджы хабæрттæ. Дæлдæр газеткæсæджы размæ цы цау хæссын, уымæн мæ сыхаг йæхæдæг уыдис æвдисæн æмæ, зæгъæн ис, сæйраг архайджытæй иу.

Цæвиттон, Смайлыйæн йæ хотæй иу цардис Налцыччы. Мæ сыхаг æй сфæнд кодта абæрæг кæнын. Сбадт Елхотты автобусы æмæ сахатмæ йæ фысымтæм æрфистæг. Куыд нæ бацин кодтаиккой уазæгыл хо, сиахс, хæрæфырттæ. Фæдзырдтой сыхæгтæм, уæдмæ хо авæрдта фынгыл æртæ уæливыхы, физонæг. Иу ныхасæй, фæссихæрттæм хорз фæминас кодта Смайлы йæ уарзон хæстæджыты хæдзары.

Сæрдыгон бон афæдз у, фæзæгъынц. Нырма хур арвыл бæрзонд уыдис, афтæ Смайлы хæрзбон загъта йæ фысымтæн. Хæрæфырттæ йæ бахæццæ кодтой автобусты станцæмæ. Уым ын балхæдтой Дзæуджыхъæумæ цæуæг автобусмæ билет. Рæстæг ма йын уыдис, æмæ йæхи æруагъта уынджы бандоныл, сдымдта тамако.

— Иу заман мæ цæст иу фыдцъылыс лæгыл æрхæцыд, — дзырдта мын Смайлы. — Йæ уæлæ нæхи ирон дарæс, сæрыл — счъил нымæтхуд. Цæуылдæр катайгæнгæ сдыууæрдæм, йæхинымæр цыдæртæ хъуырхъуыр кодта. Хæстæгдæр мæм куы 'рбацыд, уæд ын йæ ныхæстæ мæ хъус ацахста: "Беслæн уаид — æмæ иронау нæ дзурынц. Дзæуджыхъæу уаид — æмæ дзы никуы уыдтæн".

— Хорз лæг, цæмæй тыхсыс? — афарста йæ Смайлы.

Лæг уыцы ныхасмæ фестъæлфыд.

— Дæ мæрдтыстæн, ирон дæ? — æмæ йæ иунæг цæст Смайлыйы ныццавта.

— Бæгуыдæр дæн ирон, — дзуапп радта уый. — Фæлæ ды цæуылдæр тыхсыс. Мæ бон дын истæмæй баххуыс кæнын у?

— Тыхсгæ та... Кæм дæн, уый мын чи нæ зæгъа!

— Налцыччы автобусты станцæйы стæм, — дзуапп радта Смайлы.

— Уæ, Хуыцау ма сразы уа Боцынæй, мæнæ мæ кæм балæууын кодта, — йæ къухтæ дисгæнгæ кæрæдзиуыл æрцавта лæг. — Ныр ма Заманхъулы куыд амалæй сæмбæлон?

— Кæй Боцыны кой кæныс? — зонгæ ном фехъусгæйæ, бацымыдис Смайлы.

— Уæлæ Карсанты уæгъуырсыдз, елхотаг, — уыдис лæджы дзуапп. — Æз та Буска дæн, Сатцатæй.



Цы уыдис, уæддæр Смайлы Дзæуджыхъæумæ цæуæг автобусмæ Бускайæн дæр билет балхæдта. Сбадтысты фæрсæйфæрстæм, куы араст сты, уæд зæронд лæг йæ хабар ракодта.

...Рагæй хæларæй цардысты елхотаг дзырддзæугæ Карсанты Боцын æмæ заманхъуйлаг Сатцаты Буска. Арæх бæрæг кодтой кæрæдзийы, иу иннæйы хæдзары йæхи уазæг нæ хуыдта. Боцыны бинойнаг, Гогыцоны рынчыны хабар фехъусгæйæ, иу сæумæрайсом Буска Елхотты балæууыд. Сылгоймаг уæдмæ фæсæрæндæр. Дыууæ хæлары иумæ фæбадтысты, фæныхæстæ кодтой. Фæйнæ сыкъайы дæр куыд нæ банызтаиккой Гогыцоны карз арахъхъæй.

Сихор уыдаид, афтæ Боцын ахуыдта йæ хæлары Елхотты автобусты лæууæнмæ. Сæ бахæццæмæ иу адæмласæн машинæ æрлæууыд. Фысым Бускайы схизын кодта уырдæм, чи дзы бадти, уыдон фестадысты æмæ зæронд лæгæн хи хъахъхъæнын хъæуы. Кæсыс, уый куынæ уыдаид, уæд мæныл ахæм цау æрцыдаид, ахæм уылæнты бахаудтаин? Уæдæ Боцын дæр, æвæццæгæн, мæнæй бирæ сæрæндæр нæ уыд, уый йеддæмæ йæ дыууæ цæстæй куыд нæ бакаст, автобус кæдæм цыдис, уый. Мæзджыты Хъуыраныстæн, ды мæнæн Хуыцауæй æрвыст дæ! Цытæ кодтаин æнæ дæу? Бузныг, фæлæ ма дын иу хатт фæдзæхсын: хъæбæр ноздмæ æмхиц цæугæ нæу, уæлдайдæр æрыгæттæн. Уыныс æй, куыд рæдийын кæны, уый. Фæсмонгонд ма фæут.

Елхотты сæрмæ стыр хидыл Смайлы автобусæй хизынмæ куы хъавыд, уæд фæндараст загъта бæлццæттæн, шофырæн та бафæдзæхста, цæмæй зæронд лæджы Заманхъулы фæзилæны раргъæвтаид.

**КЪУБАЛТЫ Солтан,
Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæг,
Елхотт**

Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти. ТЕЛ.: 8-989-037-18-04.

Номыры радхæссæг редактор — **Дедегкаты Зæлинæ.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36**, компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр. 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3439. Заказ № 351.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru